



Yon mizajou enpòtan sou telefòn selilè ak lòt aparèy elektwonik

Chè fanmi ak kòlèg,

Semèn pase a, Komite pou règleman edikasyon te apwouve yon revizyon nan [Règleman Chanselye A-413](#). Règleman sa a kouvri itilizasyon aparèy elektwonik pèsònèl ki konekte avèk entènèt—tankou telefòn selilè, smartwatch, ak tablèt. Règleman yo mete ajou a vin fè nou an konfòmite avèk nouvo [lwa eta a](#) ki entèdi itilizasyon aparèy sa yo pandan “tout dire jounen lekòl la”—sa vle di, depi kòmansman jiska lafen jounen lekòl la.

Men kèk pwèn enpòtan pou konnen avan ane lekòl k ap vini an:

- Tout lekòl dwe kreye yon règleman pou asire elèv pa itilize aparèy sa yo pandan lè lekòl.
- Chak lekòl ka chwazi yon metòd ki fè sans pou yo pou estoke aparèy, tankou sak oswa kazyè epi lekòl yo pral resevwa finansman pou ede aplike metòd sa yo.
- Gen kèk eksepsyon pou règleman sa a, tankou lè yo itilize aparèy yo pou rezon medikal, ijans oswa rezon akademik espesifik.
- Lekòl dwe bay fanmi yon nimewo telefòn dirèk pou fasilite kominikasyon. Fanmi ta dwe asire enfòmasyon pou kontak nan ka ijans yo se nimewo ki ajou nan [NYCSA](#).

Mwen konnen se pral yon gwo chanjman pou anpil moun, epi mwen ankouraje elèv, estaf ak fanmi ale sou schools.nyc.gov/DevicePolicy pou jwenn plis enfòmasyon. Ou ka gade tou Videyo aktyalite ki pi ba a, ki prezante Direktè anchèf Afilyasyon sekirite ak prevansyon Mark Rampersant.

Kòm yon ansyen direktis lekòl ki te mete restriksyon nan itilizasyon telefòn selilè, mwen wè gwo enpak sa genyen sou kilti anndan lekòl ak reyalizasyon elèv lè salklas yo pa gen distraksyon. Epi se pat lekòl mwen an sèlman— gen lòt lekòl ki te gen rezilta sanblab. Gade Atansyon espesyal Chanselye a pi ba a pou wè jis yon bèl egzanp.

Mwen pa ka tann pou nou travay ansanm ane lekòl sa a pou ede elèv nou yo konsantre, aprann ak grandi.

Nan kolaborasyon,
Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Ane lekòl pase a, Urban Assembly Gateway School for Technology te kòmanse ranmase telefòn selilè chak maten. Administrasyon lekòl la vin remake yon seri rezilta depi yo fè chanjman an.

Jan Direktis Kristina Dvorakovskaya fè konnen an “Depi nan premye semèn lan, pwofesè yo t ap di yo fini leson yo te itilize ane pase a 5-10 minit pi vit, akòz pat gen entèripsyon avèk telefòn selilè epi elèv yo te angaje yo plis nan leson yo.”

Li te wè chanjman tou nan lòt anviwònman: “Anreyalite kafeterya a te tankou yon lekòl segondè! Elèv te bò tab ap pale yonn avèk lòt. Lakou a te chaje avèk timoun k ap jwe espò.”

Lè Direktis la ap konsidere eksperyans lan an jeneral, li di “Se te sa egzakteman klas nou yo te bezwen pou apwofondi angajman ak diskisyon...[epi] se te egzakteman sa kominote nou an te bezwen pou bati bonjan relasyon.

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Mwa jiyè se te mwa fyète andikap! Pou jwenn plis enfòmasyon ak resous pou aksè klike [la a](#).
- Pou jwenn plis nouvèl ak resous, tcheke [The Morning Bell](#) oswa suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Men [videyo](#) Majistra Eric Adams pou semèn lan. Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).